**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ МИНИСТРЛИГИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ ҲӘМ АГРОТЕХНОЛОГИЯЛАР ИНСТИТУТЫ**

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ ҲӘМ АГРОТЕХНОЛОГИЯЛАР ИНСТИТУТЫНДА 2021-ЖЫЛДЫҢ 10-11 ДЕКАБРЬ КҮНЛЕРИ ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ КОНСТИТУЦИЯСЫНЫҢ 29-ЖЫЛЛЫҒЫ ҲӘМ АЎЫЛ ХОЖАЛЫҚ ХЫЗМЕТКЕРЛЕРИ КҮНИНЕ БАҒЫШЛАНҒАН

# «АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНДА ЖАСЛАРДЫ ҚОЛЛАП ҚУЎАТЛАЎ ҲӘМ ХАЛЫҚ САЛАМАТЛЫҒЫН БЕККЕМЛЕЎДЕГИ МАШҚАЛАЛАР ҲӘМ ИМКАНИЯТЛАР»

АТАМАСЫНДАҒЫ ХАЛЫҚАРАЛЫҚ ИЛИМИЙ-ӘМЕЛИЙ КОНФЕРЕНЦИЯ МАТЕРИАЛЛАРЫ ТОПЛАМЫ







НӨКИС-2021

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ МИНИСТРЛИГИ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ ҲӘМ АГРОТЕХНОЛОГИЯЛАР ИНСТИТУТЫ

# «АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНДА ЖАСЛАРДЫ ҚОЛЛАП ҚУЎАТЛАЎ ҲӘМ ХАЛЫҚ САЛАМАТЛЫҒЫН БЕККЕМЛЕЎДЕГИ МАШҚАЛАЛАР ҲӘМ ИМКАНИЯТЛАР»

атамасындағы Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институтында өткерилген халықаралық илимий-әмелий конференция материаллары топламы

НӨКИС-2021

| 6-секция. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНДА САНЛЫ ЭКОНОМИКАНЫҢ ОРНЫ, АГРОБИЗНЕС ҚУРАМЫНДАҒЫ МАШҚАЛАЛАРДЫҢ ИЛИМИЙ ТИЙКАРЛАРЫ | | |
|---|---|---|
| 1 | **Балтабаева И.** Базар қатнасықлары жағдайында аўыл хожалығын реформалаўдың зәрүрлиги ҳәм әҳмийети | 244 |
| 2 | **Балташов А.** Экономиканы глобалластырыў жағдайында фермер хожалықлары раўажланыўының өзине тән өзгешеликлери | 247 |
| 3 | **Балташев Ж.М.** Қарақалпақстан Республикасында шарўашылық тараўын раўажландырыў бойынша әмелге асырылып атырған ис-иләжлар | 251 |
| 4 | **Балташов С.Ф.** Қишлоқ хўжалиги маҳсулотларини етиштириш ва озиқ-овқат хавфсизлигини таъминлашда аграр соҳасининг роли | 251 |
| 5 | **Бозорбоева З. Г.** Ғаллачилик кластери тизимида харажатлар ҳисоби ва таҳлилини такомиллаштиришнинг айрим масалалари | 252 |
| 6 | **Болтаев Н. Н.** Ғаллачилик кластерларини барқарор ривожлантиришнинг ташкилий-иқтисодий вазифалари | 257 |
| 7 | **Дусмуратов Р. Д. Пўлатов У.Ф** Экспортер корхона мажбуриятларини таҳлил қилишга услубий ёндашувлар | 260 |
| 8 | **Qdirbaeva A.M.** Qishloq joylardaijtimoyiy infratuzilmani rivojlantirishni takomillashtirish | 263 |
| 9 | **Najimova A., Abishov M.** Awıl xojalıǵı ónimleriniń básekige shıdamlılıǵın támiyinlew | 266 |
| 10 | **Пўлатов У. Ф.** ташқи савдо фаолияти аудитининг айрим хусусиятлари | 268 |
| 11 | **Seyfullaeva A., Abishov M.** Agrar bazarda kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinin` a`hmiyeti | 269 |
| 12 | **Сеилбеков Б.** Өним жетистириўде фермер хожалықларының финанслық нәтийжелилик дәрежеси | 271 |
| 13 | **Ситмуратов Ш.Т.** Рақамли иқтисодиётга трансформациялашиш жараёнини моделлаштириш ва тармоқларнинг мутаносиблиги | 275 |
| 14 | **Tajenova G.E., Joldasbaeva U.**Qishloq xòjaligi mahsulotlar eksportini moliyalashtirish amalyotini takomillashtirishda xorij tajiriybasidan foydalanish imkoniyatlari | 278 |
| 15 | **Tursınov A.J.** Awıl xojalíǵíníń ekonomikalıq nátiyjeliligin támiyinlew menen baylanıslı mashqalalar h.m olardı sheshiw jolları | 289 |
| 16 | **Утегенов Қ.Ж.** Давлат-хусусий шериклик моделлари ва улардан фойдаланиш хусусиятлари | 287 |
| 17 | **Утепбергенов А.** Киши бизнес ҳәм исбилерменликти раўажландырыўда банклердиң рөли | 284 |
| 18 | **Shamshetov A.S.** Miywe-sabzavotshílíqta zamanagóy klasterlerdi qáliplestiriw máseleleri | 289 |
| 19 | **Utemisov Sh., Alieva G.** Iqtisodiyotni modernizaciyalash jarayonida investiciyalarning iqtisodiy mohiyati va iqtisodiyotga jalb qilishning ob`ektiv zarurligi | 292 |

# AWIL XOJALIĠI ÓNIMLERILERINIŃ BÁSEKIGE SHIDAMLILIĠIN TÁMIYINLEW

**Najimova A, Abishov M**
*Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyaları institutı*

Mámleketimizde ámelge asırılıp atırılǵan bazar ekonomikasın rawajlandırıw sapa máselesine jańasha qarawdı talap etedi, sebebi básekishilik oǵada rawajlanǵan bazarda ónimniń sapa dárejesin kóteriwge májbúr etip, sol jol menen onı óndiriwshilerdiń básekige shıdamlılıǵın belgileydi.

Rawajlanǵan básekileslik ámeldegi bazarlarda ónimniń básekige shıdamlılıǵı onı tez satıwda tabıs qazaniwdiń zárúrli faktorlarınan esaplanadı.

Ónimniń básekileslik túsinigi kóp qırlı bolıp ol tek ǵana bazar talaplarına, bálkim qarıydarlardıń anıq talaplarına sapası menen ǵana emes, óziniń texnikalıq, ekonomikalıq, estetikalıq kórsetkishleri hámde onı satıwda zárúrli rol atqaratuǵın (bahası, jetkiziw múddeti, xizmet kórsetiw múmkinshiligi, reklama) sharayatlarınada sáykes keliwin ańlatadı.

Awıl xojalıǵı ónimleriniń básekige shıdamlılıǵı awıl xojalıǵı ónimlerinde óz ornın tabatuǵın o`ndirislik, kommerciyalıq, shólkemlestirilgen hám ekonomikalıq kórsetkishlerdiń kompleksi bolıp, ol tovardıń tutınıw qásiyetleri jıyındısı menen anıqlanadı.

Hár qanday ónimniń básekige shıdamlılıǵı onıń texnikalıq kórsetkishleri menen xarakterlenedi. Ónimniń texnikalıq kórsetkishleri bazarda qarıydarlar talap etetuǵın texnikalıq dárejesi sapası menen hám isenimlilik kórsetkishleriniń zamanagóy talaplarǵa sáykes keliwin bahalaw arqalı anıqlanadı. Qarıydarlardıń texnikalıq kórsetkishlerge qoyılatuǵın tiykarǵı talapları milliy hám xalıq aralıq standartlarda óz ornın tabadı. Hár bir mámlekette milliy ekonomika, ılım, pán, texnika hám texnologiyalardıń rawajlanıw dárejesine sáykes keletuǵın óziniń standartları húkim su`redi. Usınıń menen birge milliy ekonomikanıń jáhán ekonomikasına integrallasıwı hám xalıqaralıq ekonomikalıq múnásebetlerdiń rawajlanıwı menen xalıqaralıq standartlardıń áhmiyeti artıp baradı. Xalıqaralıq standartlar milliy standartlar, normalar hám qaǵıydalar arasında sheklengenlik, hár túrlilikti, qarama-qarsılıqlardı jolǵa salıwdı talap etedi. Milliy standartlardıń sáykesligin támiyinlew mámlekette islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń shet el bazarlarına kirip barıwın hám olardıń básekige shıdamlılıǵın támiyinleytuǵın umtılıw-háreketi esaplanadı. Xalıqaralıq standartlar arnawlı islengen «Xalıqaralıq standartlastırıw shólkemi» tárepinen tastıyıqlanip, háreketke kiritiledi (ISO-Intematsional Organization for Standartızation).

Ónimniń texnikalıq básekige shıdamlılıǵı ózgeriwi, ol mámlekettegi agrofirma, agrokompaniyalarında hám jáhándegi ol yamasa bul ónimlerdi óndiriwshilerdegi ilimiy-texnikalıq rawajlanıwı pátleriniń ózgeriwine baylanıslı.

Awıl xojalıǵı ónimleriniń texnikalıq básekige shıdamlılıǵına tutınıw hám onı qanaatlandıratuǵın sharayat mazmunın klassifikaciyalaytuǵın tutınıw parametrleri kiredi. Bular tómendegiler:

-jumıs processinde támiyinlenetuǵın parametrler;

-ergonomikalıq parametrler;

-estetikalıq parametrler;

-normativlik parametrler.

Jumıs processinde támiyinlenetuǵın parametrlerge ónimdi isletiw tarawı hám orınlanıwı kerek bolǵan funksiyalar kiredi. Bul kórsetkishler arqalı ónimniń paydası, nátiyjesi tuwrısında pikir ju`rgiziw múmkin boladı.

Ergonomikaliq kórsetkishler awıl xojalıǵı ónimlerin miynet processinde yamasa tutınıw processinde insan organizmi qásiyetlerine tuwrı keliw menen xarakterlenedi. Bul parametrlerge gigienalıq, antropometrik, fiziologikalıq kórsetkishler kiredi.

Estetikaliq parametrlerge ónimdi qolay, ıqsham, shıraylı kórinisin ańlatiwshı kórsetkishler kiredi.

Normativ parametrlerge ónimniiñ májburiy normalar, standartlar, nızamlar menen belgilengen kórsetkishleri kiredi.

Awıl xojalıǵı ónimleri básekige shıdamlılıǵı málim dárejede kommerciyalıq shárt-shárayatlarına da baylanıslı.

Awıl xojalıǵı ónimlerileriniń kommerciya menen baylanıslı bolǵan shárt-sharayat kórsetkishlerine tómendegiler kiredi:

-baha kórsetkishleri;

-jetkizilip beriletuǵın awıl xojalıǵı ónimlerilerdi jetkiziw hám tólew sharayatların ańlatiwshı kórsetkishler;

-belgili bazarda háreketdegi salıq hám baj sistemasın ańlatiwshı kórsetkishler;

-satıwshılardıń óz minnetlemeleri hám kepilliklerin orınlawdaǵı juwapkershiliklerine tiyisli kórsetkishler.

Bazar ekonomikası sharayatında ishki hám sırtqı bazarlarda qarıydarlar ushın gúres rasında da básekige shıdamlı awıl xojalıǵı ónimlerilerin jaratıw hám islep shıǵarıwdı talap etedi. Usı munasábet penen awıl xojalıǵı ónimleriliriniń ekonomikalıq racional dárejesin izlep tabıw hám oǵan erisiw ǵárejetlerin esaplaw mashqalası payda boladı. Bulardıń barlıǵı sapaǵa maqsetli tásir kórsetip, básekige shıdamlılıqtı támiyinlewde basqarıwdıń rolin asıradı.

**Paydalanılǵan àdebiyatlar (Internet saytları):**


1.www.lex.uz – Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари маълумотлари базаси

2. www.journal.tsue.uz – Рақамли иқтисодиёт: янги Ўзбекистонни янги технологиялар, платформалар ва бизнес моделлари орқали ривожлантиришнинг янги босқичи мавзусидаги халқаро илмий-амалий конференциянинг материаллар тўплами, 26 февраль 2020 йил. – Тошкент: Tadqiqot. 2020. - 141б.

3. www.tdau.uz. - АГРАР ФАН НАЗАРИЯСИ ВА АМАЛИЁТИДАГИ ДОЛЗАРБ МУАММОЛАР ВА УЛАРНИНГ ЕЧИМЛАРИ “Тошкент давлат аграр университети ташкил этилганлигининг 90 йиллигига” бағишланган халқаро конференциянинг МАТЕРИАЛЛАР ТЎПЛАМИ 2020 йил 14-15 декабрь.